



Commission On
Human Rights

Vizitè nan Vil Nouyòk yo Pwoteje kont Diskriminasyon



Lwa sou Dwa Moun nan Vil Nouyòk la pwoteje tout moun – **ki gen ladan vizitè ak touris** – epi li garanti dwa yo pou yo jwi Vil la san rayisman, prejije, ak diskriminasyon.

Vil Nouyòk gen youn nan lwa kont diskriminasyon ki pi solid nan peyi a, avèk plis pase 25 kategori pwoteksyon diferan. Pwoteksyon sa yo asire yo trete w avèk diyite ak respè pandan w ap vizite Vil Nouyòk.

Ki kote pwoteksyon yo aplike?

Lalwa pwoteje w nan anpil kote ou ka itilize oswa vizite, tankou:

- Otèl, fwaye, kanpis lekòl, ak lokasyon kout tèm
- Biznis, magazen, ak founisè sèvis
- Taksi ak transpò piblik

Ki kèk egzanp diskriminasyon?

- Yo di yon kliyan otèl k ap itilize yon bèt sèvis ke bèt yo pa pèmèt antre anndan.
- Yo di yon vwayajè li pa ka patisipe nan yon vizit touristik paske li itilize yon aparèy pou mobilite epi “aparèy la pran twòp espas”.
- Yon chofè taksi fè kòmantè ofansif sou yon moun poutèt rad relijye li epi li refize bay li sèvis.

Tout moun nan Vil Nouyòk, ki gen ladan vizitè ak touris, gen dwa pou yo jwi Vil la san rayisman, prejije, ak diskriminasyon - kèlkeswa konbyen tan yo rete la. Aprann plis nan www.NYC.gov/VisitingNYC



22 Reade Street
New York, NY 10007



212-416-0197



www.NYC.gov/CCHR
[@NYCCHR](https://twitter.com/NYCCHR)